

# Gid Travay ou



**Manyèl sou Sèvis yo**



FLORIDA DEPARTMENT OF  
**EDUCATION**  
fldoe.org



VOCATIONAL  
REHABILITATION

## Misyon

Ede moun ki gen andikap jwenn oswa konsève travay oswa pwogrese nan karyè yo epi ranfòse endepandans yo.

## Vizyon

Vini premye kote moun ki gen andikap ale lè y ap chache travay ak resous premye plan pou patwon ki bezwen anplwaye ki kalifye.

## Objektif Reyadaptasyon Pwofesyonèl

Reyabilitasyon pwofesyonel, ki yo rekonèt kòm VR, ede moun ki gen andikap trouve, jwenn, oswa kenbe yon pi bon travay.

## Moun ki Kalifye pou Sèvis Reyadaptasyon Pwofesyonèl

Ou kapab kalifye pou sèvis reyadaptasyon pwofesyonèl si objektif ou se vin oswa rete yon anplwaye epi:

- Ou gen yon andikap fizik oswa mantal.
- Andikap ou a se yon gwo baryè ki anpeche w travay.
- Ou bezwen sèvis VR pou w jwenn epi konsève yon travay.

## Wòl Konseye Reyadaptasyon Pwofesyonèl la

Konseye VR ou a:

- Ba ou enfòmasyon, resous, oryantasyon ak konsèy konsènan andikap ou a ak travay ou.
- Ede ou konnen pwen fò ou, priyorite, kapasite ak enterè ou pou ou, yon fason kapab prepare w epi jwenn yon travay nou toude chwazi ansanm.
- Travay an kolorasyon ak ou pou ekri Individualized Plan for Employment (Plan Endividyalize pou Travay, IPE) ou a pou ede w atenn objektif pwofesyonèl ou.
- Òganize sèvis ou bezwen pou w jwenn epi konsève yon kenbe.

## Konsèy pou ka Fè Siksè:

- Rete an kontak ak konseye VR ou an epi patisipe ak tout nanm ou nan fè suivi travay yo ba ou fè.
- Asire w VR gen enfòmasyon kontak kòrèk ou (pa egzanp, nimewo telefòn, adrès kay/postal, ak adrès imèl, si sa nesèsè) pou yo kapab jwenn ou.
- Bay konseye VR ou a enfòmasyon ak dosye ki nesèsè pou ede fè dosyeka ou an avanse.
- Asire ou VR la apwouve tout randevou oswa sèvis yo alavans. VR la pa p peye okenn sèvis ki pa apwouve anvan.
- Rive alè nan tout randevou yo. Si ou bezwen rebran randevou, fè biwo Konseye VR ou an konnen sa pi vit posib. Si ou pa kenbe ni chanje randevou ou an alavans, yo ka mete sèvis ou yo an reta.
- Abiye pou fè siksè! Sa ou mete sou ou pou vini nan randevou ak reyinyon yo ta dwe menm ak rad ou mete sou ou pou w ale nan entèvyou travay yo.

Remak: Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl Vocational Rehabilitation, VR) se yon patwon ki respekte prensip egalite chans. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè èd finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon. Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis la, tout sèvis ann aprè ak tout pwosesis VR la koube anba egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen èd ak sèvis èd ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR resevwa 78.7 pousan nan finansman li apati yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken an. Pou ane fiskal federal 2021 an, montan total sibvansyon yo bay yo te rive \$176,836,896. Kredi Eta Florida te finance rès 21.3 pousan nan pri a (\$47,860,557). Yo revize li ann oktòb 2021.

## Dwa Ou

Kòm yon moun ki gen andikap ki ap travay ak VR, ou gen anpil dwa. Si ou panse yo vyole dwa ou yo, gen moun ki kapab ede ou. Ou gen dwa pou w pran rekou kont yon desizyon VR si ou pa dakò, oswa si gen yon pwoblèm ou pa kapab rezoud ak konseye VR ou a. Konseye ou a, sipèvizè li an, Client Assistance Program (Pwogram Èd pou Kliyan) oswa medyatè VR la kapab ede ou rezoud pifò pwoblèm. Si ou pa dakò ak yon desizyon, ou gen dwa pou w mande pran rekou. Apre ou fin resevwa notifikasyon alekri pou yon desizyon, ou gen 21 jou pou w depoze yon rekou alekri kont desizyon sa a. Ou gen twa (3) opsyon pou ede ou pran rekou. Se:

1. Ou kapab mande yon egzamen enfòmèl lè ou kontakte direktè lokal zòn VR la. Nenpòt manm pèsònèl VR nan biwo lokal ou a kapab ede w lè li bay enfòmasyon sou fason pou w kontakte direktè zòn nan.
2. Ou kapab mande yon medyasyon lè w kontakte direktè nasyonal VR la.
3. Ou kapab mande yon odyans administratif lè w kontakte direktè nasyonal VR la.  
Sonje: VR a ka refize demann pou medyasyon an.

Pou w mande yon medyasyon ak/oswa yon odyans administratif, ou dwe voye yon imèl nan [VRDirector@vr.fldoe.org](mailto:VRDirector@vr.fldoe.org). Oswa ekri: State Director, Division of Vocational Rehabilitation, 325 W. Gaines Street, Suite 1144, Tallahassee, Florida 32399-0400.

Lè ou mande yon rekou, ou dwe ajoute:

- Yon kopi lèt desizyon konseye VR ou a.
- Yon eksplikasyon sou sa ou kwè ki bezwen rezoud la.
- Fason ou vle rezoud kesyon an.
- Tip rekou ou ap mande a.

## Chwa Eklere

Chwa eklere, oswa fè yon chwa ki chita sou bonjan enfòmasyon, se yon eleman santral nan pwosesis reyadaptasyon pwofesyonèl la. VR travay ak ou nan fè chwa eklere konsènan:

- Objektif travay ou a.
- Sèvis ou bezwen pou w atenn objektif ou.
- Moun k ap ofri sèvis ou bezwen yo.

Ou pataje responsablite idantifye opsyon yo epi eksplòre avantaj ak enkonvenyan chak opsyon ak konseye ou a. Chwa rezilta travay ou dwe koresponn ak fòs ou, resous, priyorite, enkyetid, konpetans, kapasite ak enterè patikilye ou. Tanpri poze kesyon pandan w ap travay ak konseye ou a pou w konprann chak opsyon ki disponib.

### Si Ou Pa Dakò ak yon Desizyon

Kèk fwa ou kapab gen yon pwoblèm ak sèvis VR, oswa ak konseye ou a epi ou kapab pa dakò ak yo. Si sa rive oswa si ou gen enkyetid oswa kesyon, lis moun sa yo prè pou ede w.

### Sipèvizè Konseye Ou a

Si ou gen nenpòt pwoblèm ak pwosesis VR la epi konseye w la pa kapab ede w ak sa, ou kapab kontakte sipèvizè konseye ou a nenpòt lè pou l ede w.

### Biwo Medyatè VR la

Biwo Medyatè VR la fè pati VR ki bay yon sèvis san fòs kote ki disponib pou nenpòt moun ki gen kesyon, enkyetid oswa ki panse yo pa t jwenn sèvis yo te atann nan. Medyatè a koute ou epi li ede ou rezoud plent. Fè apèl gratis nan 866-515-3692 oswa voye yon imèl nan [Ombudsman@vr.fldoe.org](mailto:Ombudsman@vr.fldoe.org).

### Pwogram Èd pou Kliyan An

Client Assistance Program (CAP) an nan Disability Rights Florida (Dwa Moun ki Gen Andikap nan Florida) ede ou pou nenpòt pwoblèm konsènan sèvis VR. Ou kapab kontakte yo nenpòt lè pandan w ap resevwa sèvis VR. Voye kourye nan: Disability Rights Florida, 2473 Care Drive, Suite 200, Tallahassee, FL 32308. Fè apèl gratis nan 800-342-0823 oswa 850-488-9071; TDD nan 800-346-4127. Pou plis enfòmasyon konsènan CAP, ale sou [DisabilityRightsFlorida.org](http://DisabilityRightsFlorida.org).

**Mete liv sa a sou men pou w kapab fè referans avè l nenpòt lè.  
Si ou gen kesyon, konseye VR ou a ap ede ou.**

# Etap pou Ou Itilize Reyadaptasyon Pwofesyonèl pou Ou Prepare Ou pou Yon Travay, Konsève l oswa Kòmanse l

Pwosesis VR se yon seri etap ki ap ede moun ki elijib yo prepare, konsève oswa kòmanse yon travay an fonksyon



## Jwenn Oryantasyon pou Sèvis

Nenpòt moun kapab oryante ou nan sèvis VR, ni ou menm! Kou yo fin oryante ou pou sèvis, VR ap kontakte ou pou ba ou enfòmasyon sou yon sesyon oryantasyon an gwoup oswa endividyèl ak sou pwochen etap pwosesis la.



## Aplike pou Sèvis

Nenpòt moun ki gen andikap fizik oswa mantal kapab aplike pou sèvis VR. Kou ou fin decide VR bon pou ou epi ou vle kontinye oswa kòmanse travay, pèsonèl VR la ap ede ou aplike pou sèvis.



## Desizyon sou Kalifikasyon

Aprè ou fin aplike pou sèvis VR yo, VR la dwe detèmine kouman andikap ou a afekte kapasite ou pou w konsève oswa kòmanse yon travay epi si ou bezwen sèvis VR yo pou ede ou ale travay. Ou kapab ede pran desizyon sa a lè ou pote ba li enfòmasyon doktè, lekòl, travay oswa lòt moun ki konnen ou. Si ou pa gen enfòmasyon ki ajou, konseye ou a ap ede ou jwenn evalyasyon ou bezwen an san w pa peye frè.

### Kalifikasyon

- Ou gen dwa pou w jwenn yon desizyon sou kalifikasyon ou nan yon delè 60 jou.
- Nan ka enprevi, ou menm ak konseye ou kapab dakò y ap bezwen plis tan.
- An jeneral, si ou benefisye Social Security Disability Insurance (SSDI) oswa Supplemental Security Income (SSI) paske ou gen yon andikap, ou kalifye pou sèvis VR yo.



## Etap pou Ou Prepare, Jwenn oswa Konsève yon Travay (Suit)

4

### Kategori Lis d Atant Posib (Lòd Seleksyon)

Si yo detèmine ou kalifye pou resevwa sèvis, VR la ap egzaminen nan ki mezi andikap ou a afekte kapasite kounye a ou pou w travay, sèvis ou kapab bezwen pou w vin yon anplwaye, epi depi ki lè sèvis sa yo ka nesèsè. Sou baz enfòmasyon sa yo, VR la ap decide si ou se yon moun ki gen:

- Pi Gwo Andikap (Kategori 1)
- Gwo Andikap (Kategori 2), oswa
- Andikap (Kategori 3)

Lè VR pa gen ase kòb oswa pèsònèl pou ede tout moun ki kalifye pou resevwa sèvis, VR ap bay priyorite nan èd l ap bay an fonksyon gravite andikap la (Lòd Seleksyon), apati Kategori 1, epi Kategori 2, epi apresya Kategori 3. Selon kategori ou ladann nan, yo kapab mete w sou lis d atant pou sèvis.

VR bay lòt òganis ki kapab ede ou enfòmasyon ak referans tou. Si ou sou yon lis d atant epi sityasyon ou oswa travay ou chanje, kontakte konseye ou a pou decide si yo dwe mete ou nan yon lòt kategori. Pwosesis VR la kontinye si ou pa enskri sou yon lis d atant oswa lè peryòd ou sou lis d atant lan fini.

5

### Ekri Plan Endividyalize Ou a pou Travay

Konseye ou an kapab ede ou elabore tout oswa yon pati nan Plan Endividyalize pou Travay (Individualized Plan for Employment, IPE). Ou ka chwazi kreye tou yon IPE avèk asistans CAP Florida pou Dwa Moun ki Gen Andikap. Si ou chwazi kreye pwòp IPE pa ou, konseye ou an pral di ou sa ou bezwen fè pou w devlope plan ou an. IPE ou an ap gen ladan:

- Objektif travay ou menm ak konseye ou a dakò sou yo a;
- Sèvis ou bezwen pou w atenn objektif pwofesyonèl ou an;
- Nenpòt resous kominotè ki disponib pou w kouvri sèvis yo;
- Mezi ou ap pran pou w prepare w pou ale travay; ak
- Kantite kòb ou ka oblije kontribiye pou sèvis ou yo, si genyen.

Ou menm ak konseye ou dwe dakò pou siyen plan ou an. N ap remèt ou yon kopi IPE ki siyen pou w konsève. N ap eksplike w IPE a nan lang manman w oswa apati nenpòt lòt mwayen kominikasyon. IPE a pa yon kontra, men se pito yon plan nou dakò sou li nan bònfw, ki defini rezilta travay la ak sèvis yo dwe bay ki nesèsè pou rive atenn rezilta.


#### Delè IPE

- Konseye ou a dwe fè efò pou li fin ekri IPE ou a pi rapid posib, men pa plis pase 90 jou.
- Si yon bagay sanzatan rive, ou menm ak konseye ou an dwe dakò pou nou di nou bezwen plis tan.



#### Patisipasyon Finansye ak Avantaj Konparab

- VR dwe egzaminen revni moun ki kalifye yo pou konnen si yo dwe pataje frè pou kèk sèvis VR (Patisipasyon Finansye). Selon revni ou, yo gendwa mande ou pou w peye yon patinan frè sèvis VR a.
- Yon moun ki gen ti revni, ki pa gen revni oswa sa yo ki resevwa asistans piblik, SSDI oswa SSI ka pa bezwen peye pou sèvis yo.
- Pandan premye reyinyon ou ak konseye VR la, li pral pale ak ou sou fason patisipasyon finansye a ka aplike nan dosye ou an. VR la nesèsè tou pou w itilize nenpòt resous kominotè (Avantaj Konparab) tankou asirans sante, èd finansye, oswa òganizasyon benevòl, pou peye frè pou kèk sèvis.
- Nan premye vizit ou a, konseye VR ou a ap eksplike w kouman patisipasyon finansye a kapab afekte ou. Si ou pa ba konseye VR ou a enfòmasyon finansye ou, ou p ap kapab benefisye anpil sèvis VR.



## Etap pou Ou Prepare, Jwenn oswa Konsève yon Travay (Suit)

6

### Patisipe nan Sèvis pou Ou Prepare Ou pou Travay

VR kapab ede ou amelyore kapasite ou pou ou jwenn epi konsève yon travay nan ba ou sèvis ki pou prepare ou pou w fè siksè nan travay. Konseye ou an bay kèk sèvis VR (Oryantasyon ak Konsèy). VR la jere lòt sèvis yo men vandè yo (pa egzanp, doktè, sikològ, lekòl, fòmator, oswa espesyalis plasman nan travay yo). Ou responsab pou w patisipe nan sèvis ou aksepte nan kad IPE ou a.

7

### Vin yon Anplwaye!

Lè ou prè pou w travay, konseye ou a ak/oswa yon pwofesyonèl sèvis ap kolabore ak ou pou:

- Ede w jwenn travay ki disponib nan kominote w la ki koresponn ak objektif travay ou nan kad IPE ou a.
- Ba ou ide ak konsèy sou fason pou w ranpli aplikasyon epi pase entèvyou pou travay ou vle yo.
- Travay ak patwon w lan pou chanje sit travay la epi pou l ba ou aparèy fonksyonèl pou reponn ak bezwen ou, si sa nesèsè.

Apwè ou kòmanse travay, konseye w la ap kontinye asire l ou menm ak patwon w lan gen tout sa nou bezwen pou n travay byen. Si ou gen pwoblèm nan travay la, kontakte konseye VR ou a; yo ka ba ou plis sèvis pou ede ou kontinye travay.

8

### Fèmen Dosye

Après ou fin travay pandan omwens 90 jou, ou menm ak konseye w la ap diskite sou finisman èd VR la. Pandan diskisyon sa a, ou menm ak konseye ou a ap dakò sou si ou pa bezwen sèvis VR ankò pou w konsève travay ou a. Si w bezwen èd pou w konsève travay ou a alavni, ou ka kontakte VR pou w jwenn sèvis anplis.

## Konfidansyalite

Lwa Florida pèmèt VR jwenn enfòmasyon medikal ak/oswa sikolojik nan men doktè oswa lòt pwofesyonèl ak pèmisyon alekri ou a. Yo mande enfòmasyon sa yo pou ede konseye w la detèmine kalifikasyon ou ak sèvis ki nesèsè pou ede ou jwenn epi konsève yon travay. Tout enfòmasyon ou diskite ak konseye w la ak sa yo ba li sou ou konfidansyèl. VR p ap diskite ni pataje okenn enfòmasyon ki konsène w san konsantman alekri ou, jan lalwa egzije sa, sof eksepsyon sa yo VR:

- Pataje enfòmasyon sou kliyan bay Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration (SSA) elektwonikman. Si enfòmasyon yo pa koresponn ak pa SSA, VR ap enfòm kliyan an alekri pou verifye epi, si sa nesèsè, pou n korije dosye nou yo.
- Ka kominike dosye ak (1) pwofesyonèl ki bay sèvis pou yo ba ou sèvis; epi (2) ak lòt ajans gouvènmantal ak manm lejislatif Florida ki mande enfòmasyon nan egzèsis fonksyon ofisyèl yo.
- Legalman, dwe (1) rapòte tout entansyon deklare pou w met tèt ou nan pwoblèm, nui lòt moun oswa byen; (2) pataje enfòmasyon an repons ak ankèt otorite lokal, etatik oswa federal, ansanm ak ankèt sou fwod oswa abi; epi (3) pataje enfòmasyon pou rapòte abi, neglijan oswa eksplwatasyon sou yon moun ki aje, yon moun ki gen andikap oswa yon timoun.
- Ka diskite enfòmasyon konsènan sèvis reyadaptasyon ou an ak Client Assistance Program (Pwogram Èd pou Kliyan, CAP) an nan Disability Rights Florida (Dwa Moun ki Gen Andikap nan Florida) lè ou te mande yo èd.
- Ka kominike enfòmasyon ak patwon pou verifye enfòmasyon konsènan travay ak salè nan kad administrasyon pwogram nan.



# Rekonesans Dwa ak Responsablite

Mwen resevwa yon kopi *Gid Travay Ou a: Liv Sèvis* Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl. Mwen te egzaminen li ak konseye pèsonèl VR la. Mwen konprann dwa mwen konsènan konfidansyalite, fason mwen kapab pran rekou kont desizyon VR la pran ak dwa mwen pou m fè chwa eklere konsènan sèvis VR. Mwen konprann mwen gen responsablite pou m enplike m epi pou m aktif lè mwen resevwa sèvis VR tou.

Non an Lèt Detache

Siyati Kliyan an

Dat

Kopi Fichye

## Rekonesans Egzamen

Gid Travay Ou a: Liv Sèvis ba ou enfòmasyon jeneral konsènan sèvis reyadaptasyon pwofesyonèl (vocational rehabilitation, VR). Pèsonèl VR la ap egzaminen enfòmasyon ki nan liv la avèk ou lè ou aplike pou sèvis. Aprè yo fin egzaminen enfòmasyon yo, pèsonèl VR a ap mande w siyen epi revoye fòm sa a. Siyati ou endike nou ou resevwa enfòmasyon ki nan liv sa a, ou li epi ou konprann yo. Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri pale sou yo ak konseye VR ou an.

Mwen resevwa yon kopi *Gid Travay Ou a: Liv Sèvis* Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl epi mwen te egzaminen li ak pèsonèl VR la. Mwen konprann dwa mwen konsènan konfidansyalite, fason mwen kapab pran rekou kont desizyon VR la pran ak dwa mwen pou m fè chwa eklere konsènan sèvis VR. Mwen konprann mwen gen responsablite pou m enplike m epi pou m a patisipe aktivman lè mwen resevwa sèvis VR yo.

Non an Lèt Detache

Siyati Kliyan an

Dat

Kopi Kliyan

Tanpri detache kat sa a epi konsève li yon kote ou kapab jwenn li fasilman si ou bezwen rele Biwo Medyatè VR CAP la pou jwenn èd.

### Sèvis Kliyantèl Biwo Medyatè VR

Biwo Medyatè VR la ap ede ou reponn ak bezwen w konsènan sèvis kliyantèl. Fè apèl gratis nan 866-515-3692 oswa voye yon imèl nan [ombudsman@vr.fldoe.org](mailto:ombudsman@vr.fldoe.org).

Si ou voye yon imèl, endike nimewo telefòn ou ak pi bon fason pou n kontakte ou.



FLORIDA DEPARTMENT OF  
**EDUCATION**  
fldoe.org



**Gid Travay Ou a: Liv Sèvis bay yon apèsi sou pwogram ak sèvis reyadapsyon pwofesyonèl Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl ofri.**

## V R V L E G E N N O U V È L O U

Kòmantè ak refleksyon ou enpòtan anpil, epi VR sousye de sa w panse de pwogram nan. Pandan ou ak VR ak aprè ou fini avè l VR, nou kapab mande ou reponn ankèt satisfaksyon kliyan VR. Nou espere ou ap reponn ankèt sa a, paske reyaksyon ou ak sa w panse enpòtan pou nou pou nou kapab amelyore sèvis VR nan Florida.

Nou ankouraje ou vizite yon fowòm piblik Florida Rehabilitation Council (Konsèy Reyadaptasyon Florida, FRC) epi ale nan rankont chak twa (3) mwa li yo. Pou w konnen dat ak kote n ap fè fowòm piblik FRC/VR, kontakte konseye VR ou a, rele nan 800-451-4327 oswa ale sou sit [www.RehabWorks.org/rehabcouncil.shtml](http://www.RehabWorks.org/rehabcouncil.shtml).

Yon Pwogram Egalite Chans pou Patwon: Li ilegal pou Depatman Edikasyon Florida, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl, kòm benefisyè ed finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon.

Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis la, tout sèvis ann aprè ak tout pwosesis VR la koube anba egzijans zewo diskriminasyon sa yo.



**Pwogram Èd Kliyan**  
**Client Assistance Program (CAP)**  
Rele 800-342-0823  
[www.DisabilityRightsFlorida.org](http://www.DisabilityRightsFlorida.org)

40 Lane Pwoteksyon Dwa Sivil Ou Bay  
moun ki ap viv Florida ki gen andikap  
sèvis lib epi konfidansyèl.